

**Public Schools of Brookline**  
**Universal Summer Program (Pwogram Dete Inivèsèl)**  
**Ete 2021**

**Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)**

- 1. Èske Universal Summer Program nan (Pwogram Dete Inivèsèl, oswa USP) ouvè pou tout elèv?**  
Tout elèv ki enskri nan Public Schools of Brookline ki pral fè ant premye ane ak 8yèm ane yo an septanm 2021 kalifye pou yo patisipe nan Universal Summer Program nan.
- 2. Èske yon elèv ka asiste yon pati nan yon sesyon USP?**  
Non. Fòk elèv yo pran angajman pou yo asiste chak sesyon pou toule 2 semèn yo paske modèl pwogram nan baze sou kolaborasyon ak pwojè. Elèv yo gendwa asiste Sesyon 1: 6 a 16 jiyè; Sesyon 2: 19 a 30 jiyè; oswa toude sesyon yo, 1 ak 2, 6 a 30 jiyè.
- 3. Èske pwogram nan pral gen opsyon pou l fèt a distans?**  
Non. Pwogram nan ap fonksyone an pèsòn nan de lekòl: Florida Ruffin Ridley School epi Baker School.
- 4. Èske manje maten ak manje midi gratis pou tout elèv yo?**  
Wi.
- 5. Ki lè pou n depoze e vin chèche timoun yo?**  
Depoze:  
Pou elèv ki ta renmen manje manje maten an nan lekòl la, depoze yo a: 8:15 AM.  
Pou elèv ki pap manje manje maten nan lekòl la, depoze yo apati 8:35 AM. Pwogram nan kòmanse ofisyèlman a 8:45 AM.  
  
Vin Chèche:  
Pou elèv ki ta renmen manje manje midi a nan lekòl la, vin chèche yo a 12:30 PM.  
Pou elèv ki ta renmen al lakay yo avèk manje midi a oswa ki pap patisipe nan pwogram manje midi a, vin chèche yo a 11:45 AM.
- 6. Èske y ap asire transpò?**  
Y ap bay transpò pou elèv ki abite Boston e ki enskri nan pwogram METCO Brookline nan.
- 7. Èske gen lòt aktivite pou pitit mwen nan apremidi apre Universal Summer Program nan?**  
Wi, n ap ofri tout fanmi USP yo patisipe nan yon pwogram anrichisman apremidi ki dirije pa Brookline Adult and Community Education (Edikasyon Adilt e Kominote Brookline). Pwogram sa a ap fèt nan Florida Ruffin Ridley School e nan Baker School. L ap baze sou tarif epi fonksyonman li ap depan de kantite elèv ki enskri ak kantite anplwaye ki disponib. Anplwaye USP yo ap tranzisyone elèv yo nan pwogram apremidi yo. Tanpri vizite sit entènèt [Brookline Adult and Community Education](#) pou enskripsyon e pou jwenn plis enfòmasyon.
- 8. E si yo envite pitit mwen nan ESY, Project Discovery, oswa STAR Academy tou?**  
Pou n asire tout elèv yo gen yon opòtinite egal pou yo patisipe nan toulede pwogram yo, nenpòt elèv ki kalifye pou ESY kapab asiste Universal Summer Program (Pwogram Ete Inivèsal) jan sa pwograme deja epi y ap bay sèvis ESY yo anvan epi/oswa apre Universal Summer Program nan. Anplwaye ESY yo ap kontakte w pou ba w yon pwogram sèvis revize.

Pou elèv yo envite patisipe nan Project Discovery, remake ke gen dat ak lè USP ki menm ak dat ak lè pwogram Project Discovery a. Se poutèt sa, fanmi yo gendwa chwazi ant Project Discovery e USP.

Pou elèv k ap patisipe nan premye ak dezyèm semèn STAR Academy, gen dat ki menm ak dat dezyèm sesyon USP a. Pou elèv ki enskri nan STAR Academy pandan twazyèm, katriyèm ak senkyèm semèn nan, pap gen okenn dat ki sn konfli ak dat USP yo, konsa yo ka patisipe ni nan USP ni nan STAR Academy.

Piske nan pwogram USP a elèv yo gen travay yo fè an gwoup, elèv ki asiste pwogram sa a dwe pran detèminasyon pou yo asiste tout jou pwogram nan pandan sesyon 2 semèn yo enskri ladan (yo).